



Lwa sou Lisans Vandè Manje Mobil:

Pwen Esansyèl ak Konsèy Edikatif pou Ede Konprann Règleman yo

Èske w vann oswa w ofri pou vann manje nan yon plas piblik tankou yon lari oswa yon twotwa?

Konsènan Lwa sou Lisans Vandè Manje Mobil la:

Department of Health and Mental Hygiene (DOHMH) livre sis (6) tip Pèmi Lavant Manje. Senk nan yo se Chak Dezan (egzije renouvèlman chak dezan). Youn Anyèl (mande renouvèlman chak ane). Pèmi yo:

- Nan Tout Vil la (tèm konplè) (Chak Dezan):** Moun ki gen pèmi yo ka vann pandan tout ane a nan lari piblik yo nan chak bowo.
 - Genyen yon pèmi Nan Tou Vil la Rezève pou Veteran Andikape/Moun Andikape/Veteran ki Pa Andikape.
- Pou Bowo Prezizeman (eksepte Manhattan) (Chak Dezan):** Moun ki gen pèmi yo ka vann pandan tout ane a nan lari piblik yo nan Bronx, Brooklyn, Queens, oswa Staten Island.
- Fwi ak Legim (Green Cart) (Pou Bowo Prezizeman) (Chak Dezan):** Moun ki gen pèmi yo ka vann fwi fre antye, legim, dlo ak nwa kri yon sèl engredyan sèlman pandan tout ane a nan lari piblik yo nan chak bowo, men yo limite pou fonksyone nan pòs polis deziyen yo.
- Zòn ki gen Restriksyon Nan Tout Vil la (Chak Dezan):** Moun ki gen pèmi yo ka vann sou pwopriyete prive oswa sou pwopriyete ki anba jiridiksyon NYC Parks. Lavant sou pwopriyete prive egzije yon kontra lwaye nan men mèt pwopriyete a.
- Espesyalize (Rezève pou Veteran Andikape ak Sivivan/Mari/Madanm yo) (Chak Dezan):** Moun ki gen pèmi yo ka vann pandan tout ane a, men yo limite pou fonksyone ozalantou yon Pak NYC.
- Pa Sezon (Nan Tout Vil la sèlman) (Anyèl):** Moun ki gen pèmi yo ka vann nan lari piblik nan chak bowo soti 1 Avril jiska 31 Oktòb.

Remak: Pou plis enfòmasyon sou pèmi sa yo, ale sou nyc.gov/health

Pou fasilite ou, chak kategori ki anba a gen ladan seksyon aplikab nan lwa ak/oswa règ la, kidonk ou ka konsilte yo pou plis enfòmasyon. KLE ki anba a dekri sitasyon legal ak senbòl ki itilize nan dokiman sa a.

Dokiman sa a pa aplike pou vandè manje mobil ki opere nan nenpòt Pak NYC.

KLE	
NYC Code: Kòd Administratif NYC RCNY: Règ Vil New York yo §: Seksyon §§: Seksyon	
Lisans	
1	Ou dwe gen yon lisans valab Department of Health and Mental Hygiene (DOHMH) Mobile Food Vendor . Konsèy: Vann, lwe, oswa ofri pou vann oswa lwe pwodui oswa sèvis, eksepte manje, nan yon plas piblik egzije pou gen yon lisans General Vendor ki soti nan Department of Consumer and Worker Protection (DCWP, formerly Consumer Affairs). Konsèy: Lavant machandiz nan yon Fwar nan Lari otorize (pa egzanp, fwar nan lari, fèt katye, oswa festival) egzije pou gen yon Temporary Street Fair Vendor Permit ki soti nan DCWP. NYC Code §17-307(a)(1)
2	Charyo oswa veyikil ou an dwe gen yon pèmi Mobile Food Vendor DOHMH ki valab. NYC Code §17-307(b)(1)
3	Ou dwe mete lisans Vandè Manje Mobil DOHMH ou an pou li vizib toutan pou piblik la ak ajan aplikasyon lalwa yo. NYC Code §17-311(b)



Lwa sou Lisans Vandè Manje Mobil:

Pwen Esansyèl ak Konsèy Edikatif pou Ede Konprann Règleman yo

4	Estikè pèmi Vandè Manje Mobil la ak nòt lèt la dwe sou charyo oswa veyikil la epi yo dwe vizib toutan pou piblik la ak ajan aplikasyon lalwa yo.
	Konsèy: Pèmi a pa bezwen nan non vandè a.
	NYC Code §17-311(c)
5	Ou dwe gen yon pèmi vandè Espesyalize pou vann sou twotwa a deyò yon pak.
	NYC Code §17-315(i)
6	Moun ki gen pèmi Zòn Restriksyon yo pa kapab vann nan yon zòn piblik.
	NYC Code §17-307(b)(1)
Moun ki gen pèmi Green Cart yo	
7	Ou ka vann sèlman fwi ak legim fre, dlo, oswa nwa kri yon sèl engredyan.
	NYC Code §17-307(b)(1)(c)
8	Ou ka opere sèlman nan bowo a ak nan pòs polis ki sou estikè pèmi w lan.
	NYC Code §17-311(d)
Anplasman	
Zòn ki limite pou lavant avèk eksepsyon limite	
9	Ou pa kapab vann nan “Zòn World Trade Center” anba a nan Manhattan (sa gen ladan lari fwontyè yo):
	<ul style="list-style-type: none"> • Fwontyè lès: bò lès Broadway • Fwontyè sid: bò sid Liberty Street • Fwontyè lwès: bò lwès West Street • Fwontyè nò: bò sid Barclay Street <p><i>Eksepsyon:</i></p> <p>Vandè Manje Mobil yo ka vann nan lari ki pral site la yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Broadway ant Barclay Street ak Vesey Street • Bò lès West Street ant Barclay Street ak Vesey Street • Bò sid Barclay Street ant Church Street ak Broadway
	NYC Code §17-315(k)(1)
Zòn ki limite pou lavant san okenn eksepsyon	
10	Ou pa kapab vann nan zòn anba la yo nan Manhattan:
	<ul style="list-style-type: none"> • Greenwich Street ant Liberty Street ak Thames Street • Bò lès West Broadway ant Barclay Street ak Park Place • Liberty Street ant Trinity Place ak West Street • Bò lès West Street ant Liberty Street ak Cedar Street • Bò lwès Trinity Place ant Liberty Street ak Thames Street
	NYC Code §17-315(k)(1)
11	Ou pa kapab vann nan yon distans mwens ke 20 pye ak kafe sou twotwa yo ak estann an liy yo.
	NYC Code §17-315(d)
12	Ou pa kapab vann nan yon distans mwens ke 10 pye ak nenpòt pasaj pyeton nan yon entèseksyon, antre ak sòti sobwe, oswa antre kay.
	NYC Code §17-315(e)



Lwa sou Lisans Vandè Manje Mobil:

Pwen Esansyèl ak Konsèy Edikatif pou Ede Konprann Règleman yo

13	<p>Ou pa kapab vann:</p> <ul style="list-style-type: none"> • andedan yon estasyon otobis oswa yon estann taksi oswa sou twotwa a akote yon zòn “pa kanpe la” ki toupre yon lopital • sou yon medyan sof si medyan an se yon sant komèsyal oswa yon plaza pou pyeton (gen espas pou pyeton yo mache) <p>NYC Code §§17-315(e), 17-315(h)</p>
Plasman ak Ekspozisyon	
14	<p>Ou ka opere sèlman nan yon charyo oswa veyikil.</p> <p>NYC Code §17-307(b)(1)</p>
15	<p>Ou dwe kite yon chemen lib omwen 12 pye lajè sou twotwa a pou pyeton yo.</p> <p>Konsèy: Distans lan mezire apati nan limit pwopriyete a jiska nenpòt obstak sou twotwa a (pa egzanp, sipò bisiklèt, bouch ensandi, pano siyalizasyon lari) oswa, si pa gen okenn obstak, jiska twotwa a.</p> <p>NYC Code §17-315(a)</p>
16	<p>Charyo ou an dwe sitiye akote twotwa a.</p> <p>NYC Code §17-315(a)</p>
17	<p>Charyo, veyikil ou an, machandiz w ap vann yo, epi nenpòt lòt atik anrapò avèk lavant ou pa kapab touche okenn bilding oswa estrikti (pa egzanp, poto lanp, kontè pakin, bwat lèt, poto siyalizasyon trafik yo, bouch ensandi, bwat pyebwa, ban,abri otobis, poubèl fatra, oswa baryè trafik).</p> <p>NYC Code §17-315(b)</p>
18	<p>Ou ka itilize sèlman espas ki touswit anba charyo oswa veyikil ou an pou konsève atik pou vann yo.</p> <p>NYC Code §17-315(c)</p>
19	<p>Charyo ou an dwe omwen distans 20 pye ak antre oswa sòti nenpòt bilding.</p> <p>NYC Code §17-315(d)</p>
20	<p>Ou dwe gen yon bagay anlè charyo ou an pou pwoteje manje a ak ekipman an kont kontaminasyon.</p> <p>Konsèy: Ou ka sèvi ak yon parapli rekraktab.</p> <p>24 RCNY §6-04(o)</p>
21	<p>Bò ki pi long nan charyo oswa veyikil ou an dwe paralèl epi akote twotwa a.</p> <p>24 RCNY §6-06(a)</p>
Lòt	
22	<p>Si charyo oswa veyikil ou an sou wout la (pa egzanp, nan espas pakin), ou dwe swiv tout lwa trafik ak pakin yo.</p> <p>NYC Code §17-315(f)</p>
23	<p>Ou pa kapab opere nan yon plas pakin ki gen kontè.</p> <p>34 RCNY §4-08(h)(7)</p>



Lwa sou Lisans Vandè Manje Mobil: Pwen Esansyèl ak Konsèy Edikatif pou Ede Konprann Règleman yo

Afichaj Pri	
24	Pou tout atik ki ofri pou vann yo, ou dwe montre pri a, san konte taks, nan fason konsa: <ul style="list-style-type: none"> • Sou atik la limenm yon tanpon, tag oswa etikèt. OSWA • Sou yon pano ki vizib klèman kote atik la afiche a.
	NYC Code §20-708
Jete fatra atè	
25	Ou pa ka mete fatra nan lari a. NYC Code §16-118
26	Ou pa ka jete fatra nan poubèl piblik la. NYC Health Code, 24 RCNY Art. 89.25(a)
27	Okenn likid, fatra, oswa manje pa ka ap koule sot nan charyo oswa veyikil ou an. NYC Health Code, 24 RCNY Art. 89.25(c)

Pou plis enfòmasyon: **Ale sou nyc.gov/BusinessToolbox | Kontakte 311 (212) NEW-YORK (Deyò NYC)**

Yo bay dokiman sa a pou rezon enfòmasyon sèlman, li pa konplè epi li pa reprezante konsèy legal. Biznis Vil New York yo dwe konfòme yo avèk tout lwa ak tout règ aplikab yo onivo federal, Eta ak Vil la. Biznis yo responsab pou yo konnen epi respekte ak règleman aktyèl yo ki afekte biznis yo a.